



Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKLERAJ MONIMAN ISTORIK ETA NY YO POU MAKE JOUNEN SOUVNI TRANSJAN AN

Y ap limen trèz moniman istorik an woz, blan ak ble klè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik Eta New York yo ap limen an woz, blan ak ble klè jounen jodi 20 novanm 2021 an, pou make Jounen Transjan nan tot peyi a.

"Nou limen moniman istorik yo aswè a pou sonje lavi presye nou te pèdi yo epi reflechi sou vyolans k ap fèt kont transjan, moun ki pa konfòme ak jan ak moun ki pa binè yo paske yo moun yo ye a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Isit la nan New York, nou angaje pou n yon plas kote moun ki transjan yo ka eksperimante valè yo fè pati, respè ak diyite. Antanke Gouvènè, m ap kontinye goumen pou kominote transjan nou an, pou konstui yon New York kote chak nan nou ka viv lib san yo pa pè diskriminasyon oswa vyolans."

Moniman istorik k ap limen pou rekonèt Jounen Souvni Transjan yo enkli:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station

Lòt nouvèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418